



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 22 PWOJÈ ENÈJI RENOVLAB A GRAN ECHÈL
POU LIVRE ENÈJI PWÒP BON MACHE POU MOUN NEW YORK YO**

Pi gwo apwovizyonman ki baze sou tè nan kad pwojè renouvlab a gran echèl Eta a jiska dat

Yo pral alimante plis pase 620,000 kay New York, ankouraje plis pase 2.7 milya dola nan investisman prive epi kreye plis pase 3,000 djòb atravè eta

Eta a kounye a gen 120 pwojè solè, enèji ewolyèn olaj zòn ko ak pwojè ewolyèn ki baze sou tèkot ki an devlopman ki pral bay plis pase 14,200 megawat elektrisite pwòp nan rezo a, k ap alimante plis pase 66 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo

Akselere pwogrè pou depase objektif New York la pou rive nan 70 pousan nan elektrisite eta a ki soti nan sous renouvlab yo an 2030 sou wout pou yon rezo zewo emisyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a rekonpans pou 22 gwo pwojè solè ak estokaj enèji ki pral bay ase enèji pwòp, abòdab pou alimante plis pase 620,000 kay New York pou omwen 20 ane. Antanke pi gwo apwovizyonman enèji renouvlab ki baze sou tè eta a jiska dat, pwojè sa yo pral ankouraje plis pase 2.7 milya nan investisman prive epi kreye plis pase 3,000 djòb akoutèm ak alontèm atravè eta a. Prim jodi a akselere pwogrè pou depase objektif New York la pou rive nan 70 pousan nan elektrisite eta a ki soti nan sous renouvlab yo an 2030 sou wout pou yon rezo zewo emisyon an 2040 jan yo egzije sa nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. Prim sa yo pral ranfòse filyè aktyèl enèji renouvlab yo pou alimante plis pase 66 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo.

"Investisman jodi a pral mete nou sou yon chemen pou fè New York vin yon kote pou nou viv ki pi vèt pandan y ap kreye nouvo djòb epi ankouraje devlopman ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo pral pèmèt nou non sèlman satisfè men depase objektif nou pou jwenn 70 pousan elektrisite nou an nan resous renouvlab yo epi yo pral solidifye New York davantaj kòm yon lidè nasyonal nan batay kont chanjman klimatik la."

Men repatisyon 22 pwojè enèji renouvlab agrand echèl yo dapre rejyon yo:

Capital Region

- **Stern Solar:** Stern Solar LLC, yon filyal CS Energy, pral konstwi yon enstalasyon Solè 19.99 megawat nan vil Schaghticoke, Konte Rensselaer.
- **Fort Edward Solar Farm:** Fort Edward Solar LLC, yon filyal Boralex, pral konstwi yon enstalasyon Solè 100 megawat nan vil Fort Edward ak vil Argyle, Konte Washington.
- **Scotch Ridge Solar:** Scotch Ridge Solar LLC, yon filyal Nexamp, pral konstui yon enstalasyon solè 20 megawat nan vil Duanesburg, Konte Schenectady.
- **ELP Stuyvesant Solar:** ELP Stuyvesant Solar LLC, yon filyal East Light Partners, pral konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Stuyvesant, Konte Columbia.
- **Easton Solar Farm:** Easton Solar LLC, yon filyal Boralex, pral konstui yon enstalasyon solè 20 megawat nan vil Easton, Konte Washington.
- **ELP Rotterdam Solar:** ELP Rotterdam Solar LLC, yon filyal East Light Partners, pral konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Rotterdam, Konte Schenectady.

Central New York

- **Harvest Hills Solar 2:** ConnectGen Cayuga County LLC, yon filyal ConnectGen, pral konstwi yon enstalasyon Solè 100 megawat nan vil Genoa ak Venice, Konte Cayuga.
- **SunEast Scipio Solar:** SED NY Holdings LLC, yon filyal SunEast Development, pral konstwi yon enstalasyon Solè 18 megawat nan vil Scipio, Konte Cayuga.

Mohawk Valley

- **Mill Point Solar 2:** ConnectGen Montgomery County LLC, yon filyal ConnectGen, pral konstwi yon enstalasyon Solè 100 megawat nan vil Glen, Konte Montgomery.
- **SunEast Flat Creek II Solar:** SunEast Flat Creek Solar LLC, yon filyal SunEast Development, pral konstwi yon enstalasyon Solè 100 megawat nan vil Root, Konte Montgomery.
- **Newport Solar Farm:** Newport Deerfield Solar LLC, yon filyal Boralex, pral konstwi yon enstalasyon Solè 130 megawat nan vil Deerfield, Marcy ak Newport, Konte Oneida ak Konte Herkimer.
- **Foothills Solar Farm:** Foothills Solar LLC, yon filyal Boralex, pral konstui yon enstalasyon solè 40 megawat nan vil Mayfield, Konte Fulton.
- **Columbia Solar Energy Center:** Columbia Solar Energy Center LLC, yon filyal EDF Renewables, pral konstwi yon etablisman Solè 350 megawat ak 20 megawat estokaj enèji nan vil Columbia ak Litchfield, Konte Herkimer.

North Country

- **Rich Road Solar Energy Center:** Rich Road Solar Energy Center LLC, yon filyal EDF Renewables, pral konstwi yon etablisman Solè 240 megawat ak 20 megawat Estokaj nan vil Canton, Konte St. Lawrence.

- **Fort Covington Solar Farm:** Fort Covington Solar LLC, yon filyal Boralex, pral konstwi yon etablisman Solè 250 megawat ak 77 megawat Estokaj nan vil Fort Covington, Konte Franklin.
- **Roosevelt Solar:** ReneSola Power Holdings LLC, yon filyal ReneSola Power, pral konstwi yon etablisman Solè 19.99 megawat ak 2 megawat Estokaj nan vil Massena, Konte St. Lawrence.
- **Moss Ridge Solar:** Moss Ridge Solar 1 LLC, yon filyal Borrego Solar, pral konstwi yon enstalasyon Solè 60 megawat nan vil Dekalb, Konte St. Lawrence.

Southern Tier

- **Yellow Barn Solar:** Barn Solar LLC, yon filyal CS Energy, pral konstwi yon enstalasyon Solè 160 megawat nan vil Lansing ak Groton, Konte Tompkins.

Western New York

- **Ridge View Solar Energy Center:** Ridge View Solar Energy Center, LLC, yon filyal EDF Renewables, pral bati yon enstalasyon Solè 350 megawat ak 20 megawat Estokaj nan vil Hartland, Konte Niagara.
- **Bear Ridge Solar:** Ridge Solar LLC, yon filyal Cypress Creek Renewables, pral konstwi yon enstalasyon Solè 100 megawat nan vil Cambria ak Pendleton, Konte Niagara.
- **Alfred Oaks Solar:** Alfred Oaks Solar LLC, yon filyal Northland Power, pral konstwi yon enstalasyon Solè 100 megawat ak 20 megawat Estokaj nan vil Alfred, Konte Allegany.
- **York Run Solar:** York Run Solar LLC, yon filyal CS Energy, pral konstwi yon enstalasyon Solè 90 megawat nan vil Busti ak Kiantone, Konte Chautauqua.

Kreye Nouvo Travay

Pwogrè enèji renouvlab yo nan New York te mennen nan gwo envestisman prive, nouvo travay, ak devlopman ekonomik pou kominote lokal yo nan plis pase 30 konte nan eta a.

Envesti nan kominote majinalize yo

Atravè pwojè ki fèk akòde yo, devlopè yo te angaje prèske 86 milyon dola nan envestisman nan kominote defavorize atravè eta a, ki gen ladan envestisman ki baze sou kominote a tankou nouvo aprantisaj okipasyonèl, pwogram bousdetid, ak kan ete ki konsantre sou sipòte kominote defavorize lokal yo. Anplis de sa, tout devlopè yo pran angajman pou asire ke yo peye travayè ki asosye ak konstriksyon pwojè yo yon salè an vigè, ki se yon nòm Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor).

Priorize pwoteksyon anviwònmanal

Pandan senk ane youn apre lòt, Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te demontre yon angajman pou mete anplas ajanda enèji pwòp ki pi anbisyè nan Etazini. Avèk ogmantasyon nouvo pwojè sa yo, NYSERDA sou wout pou l konstwi yon filyè enèji

renouvlab ki kapab alimante ekivalan de tyè eta a. Pwojè sa yo pral jenere plis pas 4.5 milyon megawat-è enèji renouvlab pa ane - sa k ap ase pou alimante 620,000 kay epi diminye emisyon kabòn a plis pase 2.2 milyon tòn metrik pa ane, ki egal ak si yo te retire apeprè 492,000 machin sou wout yo chak ane. Sis pwojè yo akòde pral asosye tou avèk enstalasyon estokaj enèji, ki gen ladan 159 megawat kapasite estokaj enèji nan echèl sèvis piblik ki pral amelyore entegrasyon resous enèji renouvlab sou rezo elektrik la.

Redui depans pou moun New York yo

Kontra yo enkli yon estrikti endis REC pou ede pwoteje kliyan yo kont potansyèl ogmantasyon pri enèji pou lè pri elektrisite a monte pri pwogram Nivo 1 (Tier 1) yo desann. Enpak bòdwo mwayen nan tout eta a pou kliyan rezidansyèl jeneral la ap apeprè 0.13 dola palè pwojè a nan faz operasyon. Depans total pwojè yo, ki gen ladan yon depans devlopman global mwayèn ki efikas ki nan 63.08 dola pou chak megawat pa èdtan, montre davantaj ke enèji renouvlab ki baze sou tè yo bay resous enèji renouvlab ki gen pri konpetitif ak benefis enpòtan pou atenn objektif eta a. Peman NYSERDA nan sibvansyon sa yo pral kòmanse yon fwa ke pwojè yo jwenn tout pèmi ak apwobasyon ki nesèsè yo epi yo vin operasyonèl pou alimante New York.

Pwojè yo fèk rekonpanse yo pral ajoute nan pwojè solid enèji renouvlab sou gwo anplè New York la ki ap eksplwate, ki gen ladan plis pase 120 pwojè solè, pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak pwojè ewolyèn terès nan kad devlopman ki pral founi plis pase 14,200 megawat enèji pwòp nan rezo a lè yo fini - sa ki ase pou alimante apeprè senk milyon edmi kay nan New York. Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout eta a, ak pwojè enfrastrikti enèji vèt Clean Path New York ak Champlain Hudson Power Express ki fèk anonse a, pral pèmèt devlopman aktyèl enèji renouvlab yo alimante plis pase 66 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo yon fwa ke yo operasyonèl.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA ak Ko-Prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Doreen M. Harris, te deklare, "Ak pi gwo pòtfèy pwojè yo akòde jiska dat, New York ap ranfòse yon filyè enèji renouvlab ki deja masiv ki pozisyon pou l bay plis kantite elektrisite pwòp ak abòdab pou plizyè milye fanmi atravè eta a pou ane k ap vini yo. NYSERDA rete angaje nan travay devlopè ki resevwa prim yo, avèk gouvènman ògaznizatè lokal yo ak moun ki gen enterè nan kominote a pandan tout pwosesis devlopman pwojè pou sitiye pwojè yo ak responsablite, ki gen ladan pwoteksyon tè agrikòl prensipal yo, epi asire yo travèse liy final la alè."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,

"Ekspansyon ekonomi vèt Eta New York la ap kontinye pwogrese a yon vitès fiks. Pwojè enèji renouvlab sa yo solidifye pozisyon nou antanke pyonye nan batay mondyal kont chanjman klimatik la, pwoteje byen anviwònman nou yo, epi ankouraje revitalizasyon ekonomik, sa ki pote opòtinite karyè san parèy pou Nouyòkè yo nan tout eta a. Depatman Travay Eta New York la pare pou ede konekte Nouyòkè yo ak bon jan kalite opòtinite fòmasyon pou yo ka jwenn yon karyè yo renmen nan sektè k ap parèt sa a."

Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Eta New York ap pran mezi epi li ap trase chemen an nasyonalman nan batay kont chanjman klimatik la. Pwojè enèji renouvlab sa yo se yon gwo etap nan direksyon sib enèji renouvlab Eta nou an 2030 ak odela. Mwen fyè dèske agrikilti sou tab la nan kad efò anviwòmantal nou yo, kote li ap jwe yon wòl enpòtan pandan nou ap travay ansanm pou redwi emisyon gaz a efè sè yo ak prezève resous natirèl nou yo pou jenerasyon alavni yo".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos, te deklare, "Ak objektif enèji ki anbisyè epi k ap mennen nan nasyon New York la, n ap kontinye bay rezilta reyèl epi fè gwo investisman nan yon pakèt pwojè pou pote enèji renouvlab ak abòdab pou Nouyòkè yo. Pwojè estokaj solè ak enèji sa yo pral kreye dè milye djòb, investi nan kominote ki defavorize yo epi bati sou investisman prive nan enèji renouvlab pou ede nou amelyore sante piblik, pwoteje anviwòmnan nou an, epi bay yon avni dirab pou tout Nouyòkè yo."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Kòm Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon (Committee on Energy and Telecommunications) Sena a, mwen fyè de anons jodi a. Inisyativ sa a pral bay enèji pwòp abòdab ki pral alimante plis pase mwatye milyon Nouyòkè epi pandan l ap kreye travay ekolojik pou rezidan Eta New York yo. Sa a se yon gwo viktwa pou eta nou an, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSEDA pou vizyon yo ak lidèchip yo, pandan n ap travay pou konbat chanjman klima a. Mwen pa ka tann ekspansyon pwojè sa."

Direktris Egzekitif Alyans pou Enèji Pwòp la (Alliance for Clean Energy), Anne Reynolds, te deklare, "Anons jodi a sou 22 nouvo rekonpans pwojè enèji pwòp demontre ke Eta New York kontinye angajman solid li pou netwaye rezo elektrik nou an, epi endistri enèji renouvlab la ap monte seryezman pou devlope ak investi nan New York. N ap tann travay konstriksyon yo ak enèji san polisyon pwojè sa yo pral bay."

Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York la (New York League of Conservation Voters), Julie Tighe, te deklare, "Eta New York bezwen enèji pwòp pou diminye emisyon gaz fosil yo epi reyalize objektif ki nan CLCPA a yo. Prim Nivo 1 pou renouvlab yo se yon gwo pa annavan ki pral ede Eta a non sèlman atenn men depase objektif renouvlab nou yo pou 2030 epi mete nou sou yon chemen pou yon rezo zewo emisyon. Anplis, sa montre kijan endistri enèji renouvlab ki angaje ye pou l investi nan ekonomi enèji vèt inovan k ap mache nan rejyon nou an nan tan kap vini an."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a

nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwòjè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418